ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№136 (22.794) ● 2014 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 16, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КЪБР-м и Правительствэм

Къалэнхэр зэрагъэзащІэм кІэлъоплъ

Урысей Федерацэм и Президентым и унафэхэр гъэзэщІэныр, социально-экономикэ зыужьныныгъэм къарикІуахэм кІэлъыплъыным хуэхахуэ КЪБР-м и Іэтащхьэм и деж щыІэ советым и зэІущІэм хэтащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий, Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Ануар, Правительствэм и Унафэщі Храмов Константин, КЪБР-м и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Вербицкий Алексей сымэ, министрхэр, къалэ, район унафэщІхэр. КІуэкІуэ Юрий зэІущІэм кърихьэлІахэм яжриІащ 2012 гъэм и накъыгъэм къыдэкІа унафэхэм я гъэзэщІэкІэ хъУм теухуауэ яІэ еплъыкІэхэр къагъэнэІуэну. Іуэхум хэлъ лъэпощхьэпохэр жаІэну.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР Республикэм къыхэхъуэ мылъкум, ар зытригъэкІуадэм, и щІыхуэхэр зэрызытригъэкІыж Іэмалхэм теухуауэ 2016 гъэ пщІондэ ялэжьыну Іуэхугъэхэм тепсэлъыхьащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ **Альтуд Юрий**.

- Нобэкіэ республикэ мылъкум къыхэхъуэфынкІэ хъунущ сом мелардым щІигъу. Ар куэдкІэ елъытащ налогхэм. Іуэхущіапіэ 80-м лэжьыгъэ ядедгъэкІуэкІащ, абыхэм ящыщу 50-м налогым хуаІэ бгъэдыхьэкІэр яхъуэжащ. Абы и сабэпкІэ республикэм и бюджетым къыхэхъуащ сом мелуан 50,48-рэ. НалогымкІэ щІыхуэхэр къыхахыжмэ, ари сом мелуан 28-рэ хъунущ. 2014 гъэм и япэ мазихым къриубыдэу республикэ бюджетым къыхэхъуащ сом меларди 4. Ар процентри 4-кІэ (сом мелуани 154-кІэ) нэхъыбащ илъэс кІуам нэхърэ. Ауэ щыхъуКІи, илъэсым и япэ мазихым хуэзэ налогыр и кІэм нэс къыхэкІакъым. Псалъэм папщІэ, апхуэдэщ фадэм и акцизыр, транспортым щхьэщыткІ налогыр - жиІащ Альтудым. Кредит Іуэхум щытепсэлъыхьым абы къыхигъащащ банк кредитхэмкІэ республикэм и щІыхуэр сом мелуан 900 зэрыхъур.

КІуэкІуэ Юрий жиІащ ящыныкъуэ Іуэхущіапіэхэм газ уасэ ямыту, Іуэхум хьиІагъэ халъхьэуэ ар пшынэныр щІыхубзм я фэм зэрыдахьыр икІи дяпэкІэ Правительствэр абы тКІийуэ зэрыкІэлъплъынур.

2012 гъэм накъыгъэм и 7-м УФ-м и Президентым кІуэдыгэкІа Унафэ №596-м и япэ Іыхьэм и «а» пунктым илкъ итКІ, УФ-м и Правительствэм унафэ ищІауэ щытащ 2013 гъэм лэжьыгъэ Іэнатіэу мелуан 25-рэ къызэрэпэщынкІи хуейуэ. КЪБР-м и кІуэцІкІэ 2013 гъэм лэжьыгъэ екІуэкІащ Іэнатіэ мин 17 къызэрэпэщыным техуауэ.

- Унафэр гъэзэщІэнымкІэ едгъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм ящыщщ проект щхьэхуэхэр къызэрэпэщынур. Апхуэдэщ, медицинэмкІэ Іэмэпсымэхэр къыщІэгъэкІынымкІэ проектыр. Сом мелуан 750-рэ зытекІуэдзну я Іуэхум лэжьыгъэ Іэнатіэу 280-рэ иІэнущ. Гипс къыщІэгъэкІынымкІэ проектым ипкъ итКІэ заводитху ухуэн хуейщ. Абы мылъкуу текІуэдэнущ сом меларди 6,7-рэ икІи цІыху 500 щылажэнущ. ЕрыскъыкэкІхэр къыщІэгъэкІ завод ухуэнымкІэ проектымкІэ лэжьапІэ Іэнатіэ 40 къызэрэпэща хъунущ. 2017 гъэ пщІондэ абы и лъэныкъуэкІэ лэжьапІэ Іэнатіэ 2 500-рэ къызэІутыну ди мурадщ. Проектым и уасэщ сом мелард 20-м щІигъу. Гуэгуш зехуэныкІэ проектыр гъэзэщІа хъунущ 2014 - 2019 гъэхэм. Ар лэжьапІэ яхуэхъунущ цІыху 1800-м. Іуащхьэмахуэ лІапэ дэкІ кІапсэ гъэзгу ухуэным теухуа проектыр гъэзэщІа хъунущ 2014 - 2015 гъэхэм. Абы къызэрагъэпэщынущ лэжьыгъ

● Жыжьэ - гъуэнэгъу

Сурэтым сигу къегъэкІыж

ЦІыхум и ныбжьыр хэкІуэтэхукІэ, и сабиигъуэмрэ щІалэгъуэ дахэмрэ игу къэзыгъэкІыж фэрэдэхэр нэхъ къищтэжрей мэхъу. Апхуэдэ хъуащ си дежкІи илъэси 10 ныбжьым ситу страхауэ щыта сурэтыр. Ар щытрахар 1937 гъэрщ. Псыгуэнсу дэта школым и еджакІуэ гуп абы щыгъуэ пионерым дыхагъэхьауэ щытащ. Илъэс 77-рэ си ныбжь сурэтыр зэманым фагъуэ дахъуами, а лъэхъэнэм пыщІа си гукъэкІыжхэр нобэми Іупщащ, ахэр къыщыхъуар дыгъуасэ хуэдэу.

ДИ ЖЫЛЭМ и дежкІэ илъэс угъурсызыкът 1937 гъэр. «Совет властым и бий» щІэр фІащри, лажьэ лъэпкъ зимыІэ ди къуажэгъуищэм щыгугъу Сыбыр яшауэ щытащ абы щыгъуэ. Дэ ди классми щІэсу: «КІэгъуасэ фІыцІэ зытрагъэщІащ» апхуэдэ щІыхэмкІэ. Хьыджэбз щыкІуэм ящыгът бостеиплІэ хужьрэ кІэ фІыцІэрэ, щІалэ щыкІуэм нэхъ зетхьэр джанэ хужьрэ гъуэншэдж фІыцІэрэт. Нэхъ щыгъын гъуабжэ зыщыгъхэри ауан яущыртэкъым. Дэ къытхэтт щыгъын Іорысхэр зезыхьи щхьі кІапэ гуэрхэр зытедыжахэри. Нэхъыщхьэр ди галстук плъыжьым теплъэ дахэ иІэныртт, школым дызэрыкІуэ щыгъэныр кІабзэу щытынырт, Іэдэбагъ тхэпЫу фІыуэ деджэныртт.

Иджыерей портфелхэм хуэди тІыгъакъым а зэманым. Ди тхьилъхэр зыдэлъыр щэкІ Іувым кьохъущІыкІа хъуржынт, пІлэпс кІыхь идаУэ. Абы и бгъымрыгъ ди щэхъалъэр зэтти, зыгуэрІкІэ хъуржыныр бгъунльамэз, щэкъэр хъижырти ди тхьилъхэр зэтриуцІапІэрт. Ари щІэщхъушхэт, пионерым хуэмыфащэу.

Пионерым дыхыхьэн и пэкІэ, а псом дыщІигъэдэІуат икІи дыхуиущащт ди егъэджакІуэ Джэду Нэіиб. Ар езыр хуабжэу щІыху зэтетт, Іэдэбт, щІэныгъэфІ зыбгъэдэлът. Абы и жэрдэмкІэ ди классыр дыхэтт еджэнымрэ хьэлщэнымкІэ школым щекІуэкІ социалист зэхьэзэхуэм. Куэдрэ япэ увыпІэхэр къыщытхыырт а зэхьэзэхуэм. Дауи, абы и фІыгъэшхуэ хэлът ди класс унафэщІым.

Апхуэдэу егъэджакІуэ ІэкіуэльаэкІуэу, гъэсакІуэ Іэзэу диІа Нэіиб Хэку заузэшхуэм и удын хьэлъэ зытехуаэм ящыщ хъуат. Фронтым Іумыйхэну бронь иІэ пэтрэ, ар лъаІуэри, зауэм дэкІат. Ди зауэлІ гупым яхэту ар нэмыцэхэм гъэру яубыдащ. Нэмыцэ-Іуэм ицу, зыгуэрым бзэгу ихьри, ар зэрыегъэджакІуэр къащІащ икІи абы щхьэкІэ хьэзабрэ бэлыхьу куэд ирагъэшэчащ. Ди совет зауэлІхэм хуит къащІыжьыу, Нэіиб гъэрыпІэм щыІащ. Абы къикІыжа нэужьи, ар властим тэзырыншэ ищІакъым: зауэр ихуа нэужь, куэдрэ я унэ къаГъэкІуэжакъым. И хэку къигъэзэжа нэужьи егъэджэнысгъэ-гъэсэныгъэ Іэнатіэм пэрыхьэжыну хуит ящІакъым.

А лейхэр кьэтхьа пэтми, ди гумрэ ди псэмрэ къыдыхьэу дезыгъэджа Нэіиб кьуажэдэс псоми фІыуэ тлъагъурт. Ар, ипэкІэ зэрыщытам хуэдэу, иджыри нэхъыщІэхэм я егъэджакІуэт, гъсакІуэт, курыт ныбжьым итхэм я ГъуэзэІт, унэтІакІуэт, нэхъыжьыІуэхэм я ныбжьэгъуфІт, чэнджэщагъуэт. Ди егъэджакІуэу щытар тлъагъуи, дыхуэзэн, депсэлъыпІэн папщІэ, дэ мэракІуашхэ дыкІуэрт Джэдуэ я гъуэгэгъу гуэрым я бжэІупІэм деж щыт тутеишхуэм. Жылыщхьэм уфІэсу Нэіибхэ я пщІантІэм хуиту удэплъэфырти, ди егъэджакІуэр тлъагъумэ, мэракІуашхэри къыдэхъуІлаУэ къытлъытэрт. Езы Нэіиб хуэдэу Іэдэб защІэт абы и унагъуэм исхэр. Зэи плъагъунутэкъым абыхэм я пщІантІэм е я унэм псалъэмакъышхэу къыдэІукІыу. Нэрылъагъут абы хабзэрэ нэмысрэ зэрыщытепщэр...

Сэ егъэджакІуэ Іэщ Іагъэм сыхуеджэу кьуажэ школым сыщылажьэну къэзгъэзэжа нэужь, а сурэтыр тыгъэ кьысхуищІыжауэ щытащ ди егъэджакІуэм. Апхуэдиз илъэсхэ схуэмащ а сурэтыр, зыгуэрхэм езгъэлъагъу фІэкІа, езмыту. Дэзыхь зыхуэсщІу зэстауэ щытар щІэныгъэлІ, жылагъуэ лэжьакІуэ щІрыпсэхэр зезыхьи щхьі кІапэ гуэрхэр зытедыжахэри. Нэхъыщхьэр ди галстук плъыжьым теплъэ дахэ иІэныртт, школым дызэрыкІуэ щыгъэныр кІабзэу щытынырт, Іэдэбагъ тхэпЫу фІыуэ деджэныртт.

Иджыерей портфелхэм хуэди тІыгъакъым а зэманым. Ди тхьилъхэр зыдэлъыр щэкІ Іувым кьохъущІыкІа хъуржынт, пІлэпс кІыхь идаУэ. Абы и бгъымрыгъ ди щэхъалъэр зэтти, зыгуэрІкІэ хъуржыныр бгъунльамэз, щэкъэр хъижырти ди тхьилъхэр зэтриуцІапІэрт. Ари щІэщхъушхэт, пионерым хуэмыфащэу.

Пионерым дыхыхьэн и пэкІэ, а псом дыщІигъэдэІуат икІи дыхуиущащт ди егъэджакІуэ Джэду Нэіиб. Ар езыр хуабжэу щІыху зэтетт, Іэдэбт, щІэныгъэфІ зыбгъэдэлът. Абы и жэрдэмкІэ ди классыр дыхэтт еджэнымрэ хьэлщэнымкІэ школым щекІуэкІ социалист зэхьэзэхуэм. Куэдрэ япэ увыпІэхэр къыщытхыырт а зэхьэзэхуэм. Дауи, абы и фІыгъэшхуэ хэлът ди класс унафэщІым.

Апхуэдэу егъэджакІуэ ІэкіуэльаэкІуэу, гъэсакІуэ Іэзэу диІа Нэіиб Хэку заузэшхуэм и удын хьэлъэ зытехуаэм ящыщ хъуат. Фронтым Іумыйхэну бронь иІэ пэтрэ, ар лъаІуэри, зауэм дэкІат. Ди зауэлІ гупым яхэту ар нэмыцэхэм гъэру яубыдащ. Нэмыцэ-Іуэм ицу, зыгуэрым бзэгу ихьри, ар зэрыегъэджакІуэр къащІащ икІи абы щхьэкІэ хьэзабрэ бэлыхьу куэд ирагъэшэчащ. Ди совет зауэлІхэм хуит къащІыжьыу, Нэіиб гъэрыпІэм щыІащ. Абы къикІыжа нэужьи, ар властим тэзырыншэ ищІакъым: зауэр ихуа нэужь, куэдрэ я унэ къаГъэкІуэжакъым. И хэку къигъэзэжа нэужьи егъэджэнысгъэ-гъэсэныгъэ Іэнатіэм пэрыхьэжыну хуит ящІакъым.

А лейхэр кьэтхьа пэтми, ди гумрэ ди псэмрэ къыдыхьэу дезыгъэджа Нэіиб кьуажэдэс псоми фІыуэ тлъагъурт. Ар, ипэкІэ зэрыщытам хуэдэу, иджыри нэхъыщІэхэм я егъэджакІуэт, гъсакІуэт, курыт ныбжьым итхэм я ГъуэзэІт, унэтІакІуэт, нэхъыжьыІуэхэм я ныбжьэгъуфІт, чэнджэщагъуэт. Ди егъэджакІуэу щытар тлъагъуи, дыхуэзэн, депсэлъыпІэн папщІэ, дэ мэракІуашхэ дыкІуэрт Джэдуэ я гъуэгэгъу гуэрым я бжэІупІэм деж щыт тутеишхуэм. Жылыщхьэм уфІэсу Нэіибхэ я пщІантІэм хуиту удэплъэфырти, ди егъэджакІуэр тлъагъумэ, мэракІуашхэри къыдэхъуІлаУэ къытлъытэрт. Езы Нэіиб хуэдэу Іэдэб защІэт абы и унагъуэм исхэр. Зэи плъагъунутэкъым абыхэм я пщІантІэм е я унэм псалъэмакъышхэу къыдэІукІыу. Нэрылъагъут абы хабзэрэ нэмысрэ зэрыщытепщэр...

Сэ егъэджакІуэ Іэщ Іагъэм сыхуеджэу кьуажэ школым сыщылажьэну къэзгъэзэжа нэужь, а сурэтыр тыгъэ кьысхуищІыжауэ щытащ ди егъэджакІуэм. Апхуэдиз илъэсхэ схуэмащ а сурэтыр, зыгуэрхэм езгъэлъагъу фІэкІа, езмыту. Дэзыхь зыхуэсщІу зэстауэ щытар щІэныгъэлІ, жылагъуэ лэжьакІуэ щІрыпсэхэр зезыхьи щхьі кІапэ гуэрхэр зытедыжахэри. Нэхъыщхьэр ди галстук плъыжьым теплъэ дахэ иІэныртт, школым дызэрыкІуэ щыгъэныр кІабзэу щытынырт, Іэдэбагъ тхэпЫу фІыуэ деджэныртт.

Куэд сигу кьигъэкІыжащ фэеплъ сурэтым. Соплъри: си классым щІэсахэм ящыщу иджы дыпсэужьыр мащІэ дыдэщ, сызэрыщІэрыгъаэзмкІэ. Си дунейр зыхьэужахэм я ахърэтэр нэхъ учІу, кьэнахэри ямыщхьэ махуэ хъуауэ Тхьэм кьыщІигъэкІ. Сыти жыІи, зэман хьэлъэт пІэщІыгъуэ тІэкІэм и 30-40 гъэхэр. ИтІани, цІыхухэм я нэхъыбапІэр зэхуэгуапэу, зым и гуфІэгъуэр адерейм диІэту, гуэзвэгъуэ къащІэІуамэ, псоми зэдагъэшу зэдэпсэуащ цІыхухэр. Иджыри фІы куэд хэлъщ ди гъащІэм. Ахэр Іущу, губзыгъуэ къэзыгъэсэбыпыкІи щІэблэ диІэу Тхьэм къыщигъэкІ.

ЖАНТЕМРОКЪУЭ Бетэ,
егъэджэныгъэм и ветеран.
Псыгуэнсу къуажэ.

И щхьэгъусэ Хьэсен, и къуэ МуІэед.

И къуэрылъху цІыкІур и Іэпплэм тесщ.

Сэрихъан и лІэщІыгъуэ гъуэгуанэ

● Фэеплъ

Лъэпкъым я нэхъыжьыфІ, фІыуэ яльагъу, пщІэшхуэ зыхуащІ, чэнджэщагъуфІ нанэ Іуамахуэ Къэзан Сэрихъан ильэсищэ ныбжьыр бадзэуэгъуэм и 7-м хуагъэльэпІэну загъэхьэзырат. ЗэрыжаІэщи, гупэмрэ гъащІэмрэ щызэтемыкуэр куэдрэщ. Сарихъан и лІэщІыгъуэ махуэшхуэм ипэ къихуэу, бадзэуэгъуэм и 5-м дунейм ехыжащ, и Ахърэтыр нэху Тхьэм ищІ!

ЛІЭЩІЫГЪУЭ къэзыгъэщІа нанэм сытетхьихьыну мурад сщыри, махуэ зыщылІ и пэкІэ сыхуэзэри и гукъэкІыжхэмкІэ къыздэгъэзыат...

Сэрихъан Кушмэзыкъуей (Бахъсэн къуажэм) 1914 гъэм къыщалъхуащ. Абы и адэ-анэхэу Дзэргуэхэ Ахьмэдрэ Фардэсрэ биних зэдапІащ: я къуэху - Хьиід, Залымджэрий, Уэсмэн, ятхуэхэу - Къэрэлъхъан, Мэржан, Сэрихъан. Зэщхьэгъусэхэм ахэр кьагъэтэджащ гъэсэныгъэ, хабзэ яхэлъу.

Быным я нэхъыщІэ Сэрихъан и сабиигъуэм и анэ Фардэуэ диным, нэмэз щІыным дригъэхьэхати, Іэщіыб имыщІу и къарум къихьыху ар игъэззэщІащ. Абы кьишьнэмыщІауэ, сабийуэ ар и адэ-анэм яшэри Щоджэнцыкіу Алий къэзэрыгъэпэщащауэ щыта школым щеджащ, елланэ классыр кьиухыху. «Алий егъэджакІуэ нэсу, щІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ цІыхуу щытащ, пщІэшхуэ хуэтщІу, щІэуэ нобэ сыту пІэрэ къыджиІэнур жьитІэу дыпэплъэрт. Абы и нэ нащхъуитІыр кьыптриубыдэрэ, нэщхъ ищІыу зэкьоплъамэ, жиІэну зыхуейр къыбгурыІуэрт. Абы кьэзгъэдилъхьа щІэныгъэмкІэ классищІри кьэзэхамэ, къэралыр щхьэкІэ зесхьэнт», - пыгуфІыкІащ лІэщІыгъуэ гъащІэ гъуэгуанэ кьэзыкІуа нанэр.

Сэрихъан елланэ классыр кьиухри, илъэс пщыкІтУ фІэкІа и ныбжьыр мыхуэдэу, унагъуэ ихьащ икІи кьалэнышхуэ и пщэ кьыдэхуащ. Абы гуащэ хуэхъуэ Нэху куэд дэмыкІыу дунейм ехыжри, сабиилІ анэншэу къэнащ. Ахэр пІын, зыхуей хэгъэзэнэн хуейт. И тхьэмадэ КІагуи мыгуэру абы кІэтІыжауэ жащ. Мис апхуэдэу, Сэрихъан и пщыкъуэхэр, пщыпхъуэхэр ипІыжащ: Фуэз, Іэдэм, Хьудин, абыхэм иджыри зы шыпхъу яІат 3ое, ауэ ар пасэу дунейм ехыжащ. Абыхэм нэмыщІ и тхьэмадэм и шыпхъэм ипхъу закъэри къыкІуэнащ. И тхьэмадэ шыпхъур дунейм щехыжьыж и хъыджэбз закъуэр Сэрихъан и анэмэту кьыхуигъанэу уэсат кьыхуищІат. Езымрэ и щхьэгъусэмрэ зы сабий закъуэщ зэдагъэтар. Ар Муэедщ. Арат игуэсу пщІантІэм дэсыр. Илъжьа Бынхэм ящыщу псэужьр Фуэзрэ Хьэцацэрэщ. Бынхэм зэхэдз имыщІу, псоми зэхуэдэ гулъытэрэ лъагъуныгъэ яхуиІэу, фІым хуиущийрэ гъэсэныгъэ екІу ябгъэдилъхьэу кьыдригъэкІуэтеящ, ГъащІэм лъэ бидзкІэ щигъэуващ Сэрихъан и бынхэр.

Нанэр и ныбжькІэ хуумыгъэфащэну акъыл жант, гукъэкІыжхэр и куэдт, уэрщэрэгъу хьэлэмэтт.

- Сабийхэм упщІэ пыІэ цІыкІу, пыІэ хьэрыгъэ яхуэсщІурэ згъэгуфІэрт, дэрбзэрыныр сфІэфІти, щыгъынхэри яхуэзыдыгъ си щхьэгъусэми, сабийхэми, ди Іыхьлыхэми, сцІыхуэхми. УпщІэ пыІэ куэд си Іэм ищІащ сэ. Куэдым я гу ирихьыригъэІуэпщІэ иІэт. Нэсухь жери, Сэрмакъ щыщ лІыжь гуэрым кьыскъуиІуэхуаэ щытащ КъурІэным хуригъажэ цІыкІухэм упщІэ пыІэ яхэсщІыну. А лъэІур си гуи ислъхьэри упщІэ пыІэ 60 зГъэхьэзырри яхуэсхьыжауэ щытащ. Абы нэмыщІ Пыхьужь Алий упщІэ пыІэхэр зэрыхуэсщІэри сощІэж. Ятэр игу ирихьати, иужькІэ кьакІуэурэ пыйх сигъэщІауэ щытащ, - кьИуэтэжащ нанэм.

Сэрихъан пыІэр дахэу, Іэкіуэльакіуэу ищІыртт, Мэремыкъуэ Хьусен «Си нанэ» жыхуиІэ и уэрэдым пычыгъэу кьыщІэльэгъуащ. Куэдым хуэІэкіуэльакіуэ, цІыхур зымыгъэщІэхъу Сэрихъан пщІэрэ щхьэрэ иІэу, гулъытэшхуэ кьыхуащІу кьекІуэжащ. Іыхьлыи, гъынэгъуи, жэрэгъуи зэрыжаІэу, чэнджэщ щхьэкІэ къыжьІуэ, Іислъэмей къуажэм ар къэзымыщІыхурэ фІыкІэ абы и цІэ жызымыІэрэ ноби дэсу кьыщІэкІынкъым.

Хэку зауэшхуэр кьызэрыхьейуэ Сэрихъан и щхьэгъусэ Хьэсен дзэм дашащ. Къуажэм нэмыщІхэр кьыщІдыхьам, ислъэмейдэсхэр Къулъкъужьи иІэпхъуІкІат, ауэ езым ягъусэу кІуэн идакъым. И тхьэмадэмрэ я хьэблэ лІыжьитІрэ дэкІын ядэтэхьыми, абыхэм хэт якІэлъыплъын, хэт игъэшэн жиІэри, арат Сэрихъани кІуэн щІымыдар. «Нэмыцэ-Іуэр къуажэм дэту, дыдейкІэр джабэмкІэ тесрэ кьеуэру апхуэдэт. Апхуэдэу псыхьэ сыкІуаеу джабэм тес ди сэлэтхэр пулеметкІэ къеухрэ, нэмыцэхэр джабэмкІэ уэуэ, псори зэрызехьэу срихьэлІат. А псори уи нэгу щІэкІынырт гурыжьеигъуэт. Нэмыцэ сэлэтхэр ди деж накІуэурэ лІыжьхэм ягъусэу зГъашхэрт, лэкъум хуабэ сщІамэ, ар яфІэІэфІт. Абыхэм зыми я Іеи, я зэрани кьэдэкІакъым, езыгэм жаІэрт «дэ зыми дыхуитхьым, ди щхьэ дыхуитхькъым, ищхьэкІэ кьыджаІэр дГъэзащІэу аращ». - Зауэри иухри, си щхьэгъусэр кьыісхуэкІуэжат ди гъунэгъу икІи и ныбжьэгъу Мыщхьэжь Хьэмид игъусэу. Ахэр зэныбжьэгъуипІлІ хьурт - си щхьэгъусэр, Хьэмид, Къарамыз Мурат, ЩоджэнфыцІэ Хьэмид. МащІэрэ зГъэхьэщІакъым ахэр, - пыгуфІыкІащ нанэр. - Абы кьишьнэмыщІауи, си щхьэгъусэр колхозым бригадиру щылажьэрт, сэрати, губгъуэм сыщэкІыуэр хьэблэ фІыхэм яГъусэу хадэ дыпщІэрт, дыплажьэрт, кІэщІу жыпІэмэ, ди унагъуэр хэзымыщІыху щымыІэу дыпсэуащ. Си щхьэгъусэр цІыху зэтетт, лэжьакІуэшхуэт, пщІэ зиІэти, кьуажэ Советым хьэщІэ кьахуэкІуамэ, ди унагъуэ кьемыбгъэІэу дэкІыжа яхэтауэ си фІэщ хьурІыкъ. Си ерысжьы зыІухуэ дэтхэнэзи, «Іэфі дыдэу уопщафІэ» жаІэурэ, си гуапэ кьащІырт.

Унагъуэм и щІэгъэкъуэн, Сэрихъан и щхьэгъусэ Хьэсен и сабийхэр кьыдэкІуэтейуэ, псоми унагъуэ яГъуэгурыкІуэжу кьыщІэсащІащ, ар илъэс 62-рэ ныбжьым иту 1976 гъэм жэпуэгъуэм и 12-м дунейм ехыжащ.

Нанэм и гукъэкІыжхэм седаІуэ пэтми зызгъэнщІыртэкъым, азэр апхуэдизкІи гъэсощІэж. Ятэр игу ирихьати, иужькІэ кьакІуэурэ пыйх сигъэщІауэ щытащ, - кьИуэтэжащ нанэм.

Сэрихъан пыІэр дахэу, Іэкіуэльакіуэу ищІыртт, Мэремыкъуэ Хьусен «Си нанэ» жыхуиІэ и уэрэдым пычыгъэу кьыщІэльэгъуащ. Куэдым зэныбжьэгъуипІлІ хьурт - си щхьэгъусэр, Хьэмид, Къарамыз Мурат, ЩоджэнфыцІэ Хьэмид. МащІэрэ зГъэхьэщІакъым ахэр, - пыгуфІыкІащ нанэр. - Абы кьишьнэмыщІауи, си щхьэгъусэр колхозым бригадиру щылажьэрт, сэрати, губгъуэм сыщэкІыуэр хьэблэ фІыхэм яГъусэу хадэ дыпщІэрт, дыплажьэрт, кІэщІу жыпІэмэ, ди унагъуэр зэзымыщІыху щымыІэу дыпсэуащ. Си щхьэгъусэр цІыху зэтетт, лэжьакІуэшхуэт, пщІэ зиІэти, кьуажэ Советым хьэщІэ кьахуэкІуамэ, ди унагъуэ кьемыбгъэІэу дэкІыжа яхэтауэ си фІэщ хьурІыкъ. Си ерысжьы зыІухуэ дэтхэнэзи, «Іэфі дыдэу уопщафІэ» жаІэурэ, си гуапэ кьащІырт.

Унагъуэм и щІэгъэкъуэн, Сэрихъан и щхьэгъусэ Хьэсен и сабийхэр кьыдэкІуэтейуэ, псоми унагъуэ яГъуэгурыкІуэжу кьыщІэсащІащ, ар илъэс 62-рэ ныбжьым иту 1976 гъэм жэпуэгъуэм и 12-м дунейм ехыжащ.

Къуэрылъхуэм я быныжхэр егъафІэ.

Мэжджытым щыІэу.

Мазих лэжьыгъэм ироплъэж

Урысей МВД-м Налшык къалэмкІэ и управленэм щыІэхалъхьажащ 2014 гъэм и япэ мазихым я лэжьыгъэм кърикІуахэр, гулъытэ зыхуэщІыпхъэ къалэныщІэхэр щаубзыхуащ.

ЗЭЩІЭМ кьрихьэлІащ къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министру КъБР-м щыІэм и къуэдзэ юстицэм и полковник **Дэщащ-гъуэ Мухьэрбий**, Налшык къалэм и прокуроры и къуэдзэ **Доткъуэ Беслъэн**, Налшык къалэ администрацэм и Іэтащхьэм и аппаратым и Іуэхуэхэмкіэ управленэм и унафэщІ **Уэщхъэ Тимур**, УМВД-м и деж щыІэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ **Тхьэзэплъ Хьэсэн** сымэ.

Урысей МВД-м Налшык къалэмкІэ и управленэм и унафэщІ полицэм и полковник **Дыщэкі Назир** иригъэкІуэкІа зэІуэщІэм гулъытэ щхьэхуэ щыхуащІащ зэриплъэж мазихым кьрикІуахэр къэлъытауэ къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ органэм я лэжьакІуэхэм я гъэсэныгъэ нэхъри егъэфІэкІуэным, илъэсым и ещанэ мазищым къэпІащІыт къалэнхэм теухуауэ.

Илъэс ныкъуэм я лэжьыгъэм кърикІуахэм теухуауэ къэнсэльащ Налшык къалэмкІэ УМВД-м и полицэм и унафэщІ полицэм и полковник **Гегграев Марат.**

Къэрал органэхэм, КъБР-м щыІэ МВД-м и ІэнатІэхэм я щІыгъуэ республикэм и щыхьэрым щекІуэкІа цІыху куэд щызэхуэс Іуэхугъуэхэм, абы урысейпсори хьыхьэу, жылагъуэ хабзэр, шынагъуэнщагъэр кьыщызэрагъэпэщащ. Илъэс ныкъуэм кьриубыдэу управленэм и лэжьакІуэхэм я къарукІэ жылагъуэ хабзэр щыдаІыгъащ жылагъуэ политикэ зэхьхьэ 119-м, спорт зэІуэщІэ 210-м, дин Іуэхугъуэ 31-м, пэкІуу 8-м. Псори зэхэту Іуэхугъуэ 725-м.

ЗэІущІэм кьызэрыщагъэльэгъуащ, щІэпхъэджагъэу Налшык къалэ щатхар нэхъ мащІэ хъуащ.

ЦІыхухэм хабзэхъумэхэм я дзыхь ирагъэзыпхыр ирагъэфІэкІуэн папщІэ управленэм «дзыхь зрагъэз» телефон жэщи-махуи щолажьэ. Ар сэбэп мэхъу яляжьа е ягъэхьэзыр щІэпхъаджагъэм теухуауэ цІыхухэм кьабгъэдэкІ хьыбарым и чэзум гулъытэ хуэщІынымкІэ, зыхуэфащэ Іэмахэр кьэтхьэсэбэпынымкІэ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министру КъБР-м щыІэм и къуэдзэ АфэщІагъуэ Мухьэрбий мазихым кьрикІуахэм и щыщІэныгъэхэр кьыхигъэщри, къалэм щІэпхъаджагъэу щаІэжьыр гъэмэщІэным Іэмал имыІэу я къарур нэхъри хуэзэщІагъэуІуэн зэрыхуейр жиІащ.

Мазих лэжьыгъэм кьрикІуахэм япкъ иткІэ, гу нэхъ зылъытапхъэхэр яубзыхуащ, я лэжьыгъэр егъэфІэкІуэным, илъэсым иещанэ мазищым къэпІащІыт къалэнхэм теухуауэ.

Илъэс ныкъуэм я лэжьыгъэм кьрикІуахэм теухуауэ къэнсэльащ Налшык къалэмкІэ УМВД-м и полицэм и унафэщІ полицэм и полковник **Гегграев Марат.**

Къэрал органэхэм, КъБР-м щыІэ МВД-м и ІэнатІэхэм я щІыгъуэ республикэм и щыхьэрым щекІуэкІа цІыху куэд щызэхуэс Іуэхугъуэхэм, абы урысейпсори хьыхьэу, жылагъуэ хабзэр, шынагъуэнщагъэр кьыщызэрагъэпэщащ. Илъэс ныкъуэм кьриубыдэу управленэм и лэжьакІуэхэм я къарукІэ жылагъуэ хабзэр щыдаІыгъащ жылагъуэ политикэ зэхьхьэ 119-м, спорт зэІуэщІэ 210-м, дин Іуэхугъуэ 31-м, пэкІуу 8-м. Псори зэхэту Іуэхугъуэ 725-м.

ЗэІущІэм кьызэрыщагъэльэгъуащ, щІэпхъэджагъэу Налшык къалэ щатхар нэхъ мащІэ хъуащ.

ЦІыхухэм хабзэхъумэхэм я дзыхь ирагъэзыпхыр ирагъэфІэкІуэн папщІэ управленэм «дзыхь зрагъэз» телефон жэщи-махуи щолажьэ. Ар сэбэп мэхъу яляжьа е ягъэхьэзыр щІэпхъаджагъэм теухуауэ цІыхухэм кьабгъэдэкІ хьыбарым и чэзум гулъытэ хуэщІынымкІэ, зыхуэфащэ Іэмахэр кьэтхьэсэбэпынымкІэ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министру КъБР-м щыІэм и къуэдзэ АфэщІагъуэ Мухьэрбий мазихым кьрикІуахэм и щыщІэныгъэхэр кьыхигъэщри, къалэм щІэпхъаджагъэу щаІэжьыр гъэмэщІэным Іэмал имыІэу я къарур нэхъри хуэзэщІагъэуІуэн зэрыхуейр жиІащ.

Мазих лэжьыгъэм кьрикІуахэм япкъ иткІэ, гу нэхъ зылъытапхъэхэр яубзыхуащ, я лэжьыгъэр егъэфІэкІуэным, илъэсым и ещанэ мащІэм къэпІащІыт къалэнхэм теухуауэ.

ЗэІущІэм и кІэухуэ я къалэным екъуэлъэныгъэ щызыІэрызыгъэхьа лэжьакІуэхэм щІыхь, фІыщІэ тхыльхэр ирагъэ-щІыжащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Дэ кьытхуатх

Псалъэмакъым фІэкІыркъым

Зауэм и кІэр хьэдагъащ, жаІэ. А хьэдагъэр зи унэм имыхьа зы унагъуи дэсу кьыщІэкІынкъым Зенкъуэ къуажэм. Си адэ Жэмыхъуэ БетІад зауэм щыдашам сэ сыщІыкІуащ. Сэ ар сщІэжыркъым, сцІыхуркъым, адэ зиІэм дехъуапсэу дыкъэхьащ. Си закъуэкъым зи адэр зауэм хэкІуэдауэ къуажэм дэсыр.

СИ АНЭ Жэмыхъуэ КІуэнэ сабиилІ дыкъыхуэнат си адэр зауэм щыдашам. Адэшхуэри Іэрызехьэти, си анэм гуГъеухри и куэдт. Си адэ закъуэрт абы къуэуэ иІэри, сылІэмэ, сыщІиІэтхьэжынущ жиІэу пэпІащ. АрщхьэкІэ, къэкІуэжакъым, илъагъужакъым. Мыгувэу си адэр зрызэкІуэдамкІэ письмо щимэ щІыкІу къытхуахьащ. Хьэблэр кьыдэхуэсу гъырт.

Ди закъуэтэкъым а письмо щимэ зыІэрыхьар. Хьэблэм щІыху 18 дэкІати, зыми къигъэзэжакъым. Сабий дапщэ зеиншэ ищІа а зауэ угъурсызым. Сыт ящІэнт Іэмалыншэти, фызабэу кьэнахэм я бгыр щІакъуээри, я бынхэр зэрапІынуэм яужь ихьащ.

ИкъукІэ гугъу ехьащ си анэ тхьэмыщкІэр. КІэлэш-ботэ щыІэтэкъым, я хьыдан закъэм псыр кьІужу бжьыхьэ щІыІэм нартыхуэ дэм кІуэрт, зы кІэчан къэпщтагъэ, уагъэтІысынут. Гъэмахуэм щІыр белкІэ къатІырт, сотых бжьыгъэ кьыхупачыртти, ар ямыухауэ унэм къэкІуэжыну хуитэкъым. Я бригадирыр гурбиян гуэрти, фызабэхэр я сабий зыхуей хуагъэзэну, хуэжьыщІну, хуэдьжэну зы махуэ кьыдэнэну кьиутІыпщырэтэкъым.

ИкъукІэ гугъу ехьу дапІащ ди анэхэм. Зи адэ къэкІуэжахэм дэри дохъуапсэ унэ, машинэ, пенсэшхуэ ират. Ди анэ тхьэмыщкІэхэр псэужатэмэ, зы гулъытэ гуэр кьыхуащІынтэкъэ? АтІэ ди адэхэр зауэм щыхьэкІуэдакІэ ди анэ тхьэмыщкІэхэр щымыпсэужкІэ я ди адэхэм хуащІын хуея гулъытэр кьэна я бынхэм кьытхуащІыну тхуэфащэкъэ? Илъэс дапщэ хьуа зи адэ зауэм кэкІуэдахэм гулъытэ гуэр хуащІыну зэрыжаІэрэ? Гъэ къэк къраухьэжъ а Іуэрэ, арщхьэкІэ псалъэмакъым фІэкІыркъым. Абы хиубыдэхэри куэд дыхъужыркъым. Тхуэфащэу си гугъащ ягу дыкъэкІыну.

ДЖЭДГЪЭФ Тамарэ.
Зеикъуэ къуажэ

● Тэрч щІынальэ

Хэгъуэр йокІуэкІ

Джылахьстэнейм щынэхъ ин «Джэрышыхъ» мэкъумэш-фермер хозяйствэм бжьыхьэсэ гуэдзыр кьрихьэлІэжащ.

ІЭНАТІЭР мэкъумэш техникэхэмкІэ ящІэ кьызэгъэпэщауэ зэрыщытым и фІыгъэкІэ, гектар 1200-р Іуахьжьыным текІуэдар махуэ зыбжанэщ. Къапщтэмэ, япэ махуэхэм щыщІэдзауэ губгъуэм итащ комбайну 8, гъавэр хэзыІущ автомашинэу 10. Абыхэм махуитІ лэжьыгъэу гектар 350-рэ кьахащ, гектар къэс центнер 43-рэ кьытрахыу. Ар гъавэзэкІхэр арэзы зытехьэу бэвагъщ. Хэгъуэ зэманым псом нэхъ гулъытэщхэу зыхуэщІыпхъэр мэкъумэшыщІэхэраци, ахэр махуэм 4 ягъэшхащ.

Гъавэм кьыщІэкІа хьэуазэр губгъуэм кьрамышу абы щызэкІэпхуэрэ гъунэгъу республикэхэм щащащ. НэщІ кьэхъуа губгъуэр занщІэу явэжри, кьитхъи ящащащ, кьыкІэлъыкІэ сэгъуэр зэрыщІагъэкІуэныным хуэдэу.

Гуэдзым щыІагъуэ «Джэрышыхъ» КФХ-р щызэхэт Новэ-Хьэмидейм рапсри кьыщрахьэлІэжащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

1914 - 2014

КІыщокъуэ Алим Пщымахуэ и къуэм и илъэс

Мэлбахъуэ Тимбора и цІэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм и лъахэхутэ къудамэм пшыхь щеКІуэкІащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъжь, РСФСР-м и Къэрал саугъэтым и дауреат, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэ КІыщокъуэ Алим къызэралъхуэр иалъэсищэ зэрырикъум и щІыхькІэ.

ЗЭХЫХЬЭР къызэригъэпэщащ библиотекэм и лэжьакІуэ **Безыр Ленэ.** Ар иригъэжьКІащ **Дзэгъащтэ Азэмэт.**

Филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, критик, литературэдж **ХьэкІуащэ Андрей** къыгеуцІащ КІыщокъуэ Алим и гъащІэм и къежьКІыкІам, и гуащІэм, лъэпкъ усыгъэм, прозэм хэлъхьаныгъэфІ зэрыхуищІам, щІэныгъэ кууроу зэфІэжІышхуэрэ зэрыбгъэдэлъам.

Алим мэкъумэш еджапІэм щыщІэса зэманым абы и унафэщІу, и егъэджакІуэу Щоджэнцыкіу Алий зэрылэжьар Андрей и псалъэм кІыщыхигъэщхьэхуКІащ, къыхигъэщащ КІыщокъуэм пасэ дыдэу псалъэм и кІуэр, и зэфІэкІыр къызэрыгурыІуар.

Лъэпкъым къыхэкІа цІыху нэхъ лъапІэ дыдэхэм ящыщ КІыщокъуэ Алим къызэралъхуэр иилъэсищэ зэрырикъум теухуа зэхыхьэхэр республикэм и кІалащхьэм, районхэм, къуажэхэм щрагъэжІуэкІми, ХьэкІуащэм зэхуэсахэр, къуажэхэм щрагъэжІуэкІми, ХьэкІуащэм зэхуэсахэр къыхуриджащ аphysуэдэ зэІущІэхэр нэхъыбэу къызэрагъэпэщыну, ди тхакІуэ гъуэзэджэм и фэепльыр яхъумэну, щІэблэр абы и тхыгъэхэм щІапІыкІыну.

Филологие щІэныгъэхэм я кандидат, дунейпсо литературэр КъБКъУ-м щезыгъэджа, тхакІуэ **Къэжэр Хьэмид** жиІащ КІыщокъуэ Алим и шы тесыкІэ, и зыІыгъыкІэ дахэмкІэ, адыгэ фащэр зэрекІумкІэ, и хьэл-щэн, и дунеи тетыкІэкІэ и лъэпкъым хуэфащэу, абы уІупльэмэ лъэпкъым и шыфэлІыфэр уи нэгу къыщІыхьэу, адыгэ цІыхухъум и щапхъэрэльэгуэу зэрыпсэуар. Алим и гуащІэм щытепсэльыхьым, Хьэмид къыхигъэщащ тхакІуэм и Іэдакъэ къыщІжІа «СыкІуэнт нэхъ псынщІэу» уэсм: «Си гъуэгу кІыхь хъуну къызэхъуэхъу» жиІэу зэрыщыльэІуам хуэдэу, къикІуа гъуэгуанэр кІыхь, угъурлы зэрыхъуар, а гъуэгу кІыхьым хуэфэщэн лэжьигъэ купщІафІи къызэрыщІэнар, лъэпкъым лъагъуныгъэ ин зэрыхуиІар. КъыщынэмыщІауэ, Хьэмид къыгеувыІащ КІыщокъуэр зыхэмызэгъа жанр литературэм зэримыІэм, Москва здэщыІэм къыдэлэжьахэм пщІэрэ нэмысрэ къыхуащІу зэрыщытам, зэрыадыгэр зэрызыщымыгъэгъупщам. Къэжэр Хьэмид и псалъэм и кІэухэу жиІащ, гъащІэм зэрыщыхабзэу, КІыщокъуэ Алим зищІысыр, лъэпкъым и дежкІэ абы иІэ мыхэнэр кІуэ пэтэми нэхъ къагурыІуэу, къыщалъхуа махуэр нэхъри Іэтауэ ягъэльапІэу зэрыкІуэнур.

-КІыщокъуэ Алимнурхьэщыщхьащ цІыху гуапэт, гупсэльэну гъэщІэгъуэнт, узыІэпишэу апхуэдэт. ЖыпІэнуракъэ, цІыхухэм я псэм ар дыхьэрт, и гум иІыгр цІыхубэм я деж нихьэсыфырт, къиГъэдэІуэфырт. Москва и Іуэхуэр щІыщдэкІари, хуэфащэ къулыкъу къыщІратари арагъэнт. Хэку зауэшхуэм щыхэтам лІыгъэшхуэ, хахуагъэ къигъэльэгъуащ. Акъылышхуэ, зэчиишхуэ зыбгъэдэлъа цІыхуш, лъэпкъым и къуэ пажэщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, абы хуэмыфащэ хужаІауэ, хуатхауэ, ягъэжьуэншауэ щытащ. Ауэ псори зэманым и пІэм иригъэувэжащ. Абы и гъуэгум къыпызыщэфын лъэпкъым Тхьэм къыщІигъахъуэ, - жиІащ сабий усакІуэ **Щоджэн Леонид.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ТхакІуэхэм я зэгухэныгъэм и тхьэмадэ **КхъуэІуфэ Хьэчим** тепсэльыхьащ «Нал къута» романым къыхэщ 115-нэ лъэпкъ шуудэм и щхьэм къырикІуа гуэзвэгъуэр зыхуэдэм, тхыгъэм щІэрыщІэу щеджэжьым гу зылъитахэм, лъэпкъ Іуэхухэр, революцэр апхуэдэу куууэ къыщыІэта роман Совет Союз псом зэримыІам. Хьэчим жиІащ КІыщокъуэ Алим Налшык и Къэрэшей уэрамым тет и унэмрэ Щхьэлыкъуэрэкъуажэм щаІа лъапсэжьымрэ музей ящІын зэрыхуейр.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Хьэх Сэфарбий жиІащ къэралым, республикэм щекІуэкІа Іуэхуэхэм КІыщокъуэр жьджэру зэрыхэтар, адыгэбзэр мыхІуэдыжьын щхьэкІэ Іэмал имыІэу ар лъэпкъыбзэр щрагъэжьну къыхилъхьауэ зэрыщытар, ди зыужьынигъэм хуэгъэза нэгъуэщІ Іуэху дахэхэр тхакІуэм къызэрызэригъэпэщар.

ХьэкІуащэ Андрей, КхъуэІуфэ Хьэчим, ТекІужь Заретэ, ГуГъэт Заремэ сымэ КІыщокъуэ Алим и усэ нэхъыфІу ялъагъуэм къеджащ, Ивуаз Зубер и гъэсэн Дым Аслъэнджэрий шыкІэпшынэ еуащ, Бекъул Аслъэн КІыщокъуэ Алим и псалъэхэр зыщІэлъ уэрэдхэр жиІащ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

Хьэх Сэфарбий

Щоджэн Леонид

Лъэпкъым и къуэ пэж

● Пшыхьхэр

ХьэкІуащэ Андрей

Къэжэр Хьэмид

КхъуэІуфэ Хьэчим

Дым Аслъэнджэрийрэ Гугъуэт Заремэрэ

Бекъул Аслъэн

Пшыхьым къырихьэлІахэр.

Усэ гахъыншэхэр

Ди адыгэ тхакІуэхэм ящыщу зауэ зэманым усэ нэхъыбэ икІи нэхъыфІхэр зытхахэм ящыщщ адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ усакІуэ цІэрыІуэ, мы илъэсыр зи гъэ КІыщокъуэ Алим Пщымахуэ и къуэр.

ХЭКУ зауэшхуэм и пэ кьихуэ илъэсхэм литературэм зэфІэкІ зиІэу зыкъыщыщыгъэлъэгъуэ усакІуэр дзэм ираджа нэужь, «За Родину» дивизионнэ газетым и редактор нэхъыщхьэу яГъэуври, зыкъомрэ абы и кьалэнэр егъэзащІэ. ИужькІэ, 1943 гъэм къыщыщІэдзауэ, КІыщокъуэр «Сын Отечества» дзэ газетым щылажьэну ягъакІуэ, ар абы балъкъэр усакІуэ Кулиев Къайсин щыхуэзэри, а тІур, «зым Іэпыхуэр адрейм кьищтэжу», «зэгурыІуэрэ зэдэІуэжу» жыхуэІэм хуэдэу, щызэдолажьэ.

КІыщокъуэм газетым щигъэзащІэ кьалэн инхэм, лэжьыгъэ гугъуэхэм къыщыдэхуэ зэманыр кьигъэсэбэпуэр, зауэ лъэхъэнэм ихтащ рассказхэр, усэ хьащІэ зыр, «Адэ» поэмэ купщІафІэр, публицистикэ тхыгъэ зыбжанэ, нэгъуэщІхэри.

Хэку зауэшхуэм теухуауэ а зэманым КІыщокъуэм ихта усэ нэхъыфІхэм ящыщщ «ЦІэ зимыІэ кьалэ», «ЩІым и макъ», «Парашютистит!», «ПщыкІуэ» (1941 гъ.); «Фэепль бэлътоку», «Зауэ», «Зэкъуэшит!», «Ди цІыхэр щхьэмыгъаэщ», «Ноябрым и 4-м 1942 гъэм», «Си фочым Іэплі есшэкІауэ», «Зэныбжьэгъуит!», «Усэ кьаркІэ бийр бгъэсу», «ЖыІэт, мыпхуэдэу щхьэ сызэшрэ?» (1942 гъ.); «Шыхулъагъуэ», «Жыг закъуэ», «ЗауэпІэ», «Сурэт», «Уэздыгъэй», «Борэнэ», «Гупсысэ», «Кьайсин Кулиев папщІэ», «Сабий», «Уэрщ, зауэлІ хахуэ, ар зэджэр», «Анэм и пщІыхьэпІэ» (1943 гъ.); «Салют», «Атакэм и пэкІэ», «Жыр пыІэ», «Борэнэр бгыщхьэм щыеташ», «Сэлэт шырыкъу», «Нып», «Щхьэгъубжэ нэху» (1944 гъ.); «ТокІыжьыр уэсыр», «Майм и 9-м 1945 гъэм», «Ныбжьэгъу», «Сэлэт сэлам», «ТекІужьыгъэ», «Хэт гъащІэр пщІэнэу зыльытэр?» усэхэр.

А усэхэм Алим къыщигъэлъэгъуащ ди зауэлІ хахуэхэм яхэлъа лІыхъужьыгъэр, я зэкъуэтныигъэ быдзр, бий хьэщхьэрыІуэм хуаІа лъагъумыхъужьыгъэр, сэлэтхэм я псэукІар, я зэфІэкІыр, я гурыгъу-гурыщІэкэр икІи абыхэм ягъэ нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэри. Ахэр кУэд дыдэ мэхъу.

Ди зауэлІхэм я лІыхъужьыгъэр, я зэфІэкІыр нэхъ Іупщі ищІын, нэхъ haIуэу ди нэгум къыщІигъэхьэн папщІэ, КІыщокъуэм кУэдрэ кьеГъэсэбэп адыгэ Іуэрыіуатэм щыщ образ щхьэхуэхэр, и лирическэ лІыхъужьыр абыхэм ирегъапщэ. Абыхэм усэхэр нэхъ къаруурфІэ, гурыІуэгъуафІэ икІи нэхъ щІэщыгъуэ ящІ. Мис абы и щапхъэ зыбжанэ: «Зауэм сэ си псэр щыщІэкъым - Сосрыкъуэ лъыкІэ срикъуэщщ» («ЖыІэт, мыпхуэдэу щхьэ сызэшрэ?»), «Нэпс Сэтэнеймэ и мащІэщ, - Уэ уигьеину лъэмыкІ» («Усэ кьаркІэ бийр бгъэсу»); «Е Іэдиихуэхэм я щІэныгъуэу Пшэм и Іэр халъхьэн яфІэфІа?», «Е Сосрыкъуэ къэхъужауэ, Джатибл узгу фІыщІэм щиІэта?» («Жэщ»). ЗэрыгъаГъущи, идейно-нравственнэ къару лъэщ зыбгъэдэль образхэм ди зауэлІ хахуэхэр зэрыригъапщэм усэхэр гурыхь икІи гукъинэ ящІ.

Дуней псор бэлыхь хэзыдза бий бзаджэм щыхьыбрабгъу хузимыІэ ди зауэлІ лІыхъужьым и нэпсыр хуэзтеубыдэркъым сабий зеиншэм щыІупльэкІэ: «Гугъуехь е гуауэ сыхуэзами, Нэпс ткІуэпс си гъащІэм сфІэкІуэдакъым. Мыбдеж сигу дауэ згъэбыдами, Сшэчым си нэпсыр сэ сльэкІакъым» («Сабий»). КІыщокъуэм и лирическэ лІыхъужьыр дапхуэдэу зауэм щымыябгэми, абы адыгэ хьэл-щэн дахэ хэлъщ, и гур цІыхубэм яхуэзыІухащ, мамырыгъэмрэ цІыхугъэ лъагэмрэ я телъхьащ.

Хэку зауэшхуэр иуха нэужь, КІыщокъуэм итха усэ зыбжанэхэми зауэм кьиша щІэпхъаджагъэхэмрэ нэщхьеягъуэ иныжрэ я дамыгъэр дыркъуэ белджылыуэ къыхуощ. Апхуэдэхэущ «Дыгъэр кьепсын папщІэ», «Хэт гъащІэр пщІэнщэу зыльытэр?», «Си анэм», «УэнщІэ» усэхэр, нэгъуэщІхэри.

КІыщокъуэм и «Си фочым Іэплі есшэкІауэ» усэм хэт лІыхъужьым гупсысэ хьэлъэр къытоуэ, ар хуабжьу мэгубжь, абы игу Іэлым зешхьыхьж фІыуэ илъагъу и Адэ щІынальэм нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм щызэрахьэ лейм папщІэ. А гурыщІэ къабзэр мы щІыкІэм тету кьеІуэтэ усакІуэм и лирическэ лІыхъужьым: «Мэгубжь сигу Іэлыр, зешхьыхьж, - Ди адзжь и унэм бийр щІыхьащ. Лейзехьэр и щхьэм ныщотхъуж, Си анэжьым гуауэр жьэхихьащ». Мы усэм и гупсысэ нэхъыщхьэр - Хэку зауэшхуэр икІэщІыпІэкІэ ди текІуэныгъэкІэ ухын гурыщІэ къэпІэр - къыщыгъэлъэгъуар усэм а иужьрей едзыгъуэрщ: «Ди щІыгу къаркІэ сэ сыльэщщ. А бийм сэ мащэр лъыгъэсынщ». Ар щІохьэупс дуней псор зэзыпхъэуну хэта нэмыцэ зэщхьэрыІуэхэм хуэфащэ удын хьэлъэ ирадзыну, абыхэм ялэжьа щІэпхъаджагъэ иныр, зэрахьа гей бадджэр ямыГъэгъуну. Мы гупсысэр усэм и кІыхьагъкІэ пхырокІ.

Дэтхэнэ зы усакІуэ пажэми хуэдэу, КІыщокъуэр зытепсэльыхьыр фІыуэ зыщыгъуазэ, езым и нэгу щІэкІа Іуэхугъуэхэрэ. Апхуэдэхэм ящыщщ «Зэкъуэшит!» усэр зытеухуэри, абы къыІуатэ гупсысэ нэхъыщхьэри. Нэмыцэхэм къраудыха ди кхъухьлатэм иса зауэлІыр парашютКІэ къолъэ, арщхьэкІэ жьапщэшхуэм ар бийм я лъэныкъуэкІэ ехь, нэмыцэхэм абы къытракІутэ шэхэм ящыщ зым ар уІэгъэ къещІ. Нартыкъу пІэнкІым хуэдэ зыз къэуэжьым пхопщри, адыгэ щІалэ Алхъо ди щІалэ уІэгъэм лъыр кьыпыжу, ди лъэныкъуэмкІэ къехьыж. Гуапагъэрэ цІыхугъэ инрэ зыпылъ а Іуэхугъуэм щІалитІыр зэрещалІэ икІи «А махуэ гугъум щыщІэдзауэ, АйтІым къуэшыгъэр къыздащтащ». ИкъыкІэ гурыхьщ щхьэ и кІэр зыГъабыдэж а псалъэхэр. Ахэрщ усэм а гупсысэ нэхъыщхьэр зыхэлъыр къызэхэщщ. «Зэкъуэшит» усэр зэнэныгъэ гуащІэм нэхъ хуэГъэпсамэ, «Сэлэт шырыкъу» усэм ди текІуэныгъэм къиша гуфІэгъуэм и макъамэр нэхъ къыщІоувэ, усищри бэнэныгъэмрэ гугъуэхь-хьэзабымрэ хуэмей пэтми.

Шырыкъу дамыгъэмкІэ КІыщокъуэм дзгъэуэу кьигъэльэгъащ ди зауэлІым Хэку зауэшхуэм и зэманым ишэчя гугъуэхьыр. Мыбдежым шырыкъур щытепщэмэ, «Сэлэт сэлам» усэр лІыхъужьыгъэ кьиззрагупсысыщ, абыхэм ди текІуэныгъэр кьиззрагъэблагъэрщ.

Усэм къыщыІуэтэж хуэІуэщІэхэм щыщщ мыхэр: лІыгъэ зэхэгъэкІыпІэти, зауэ гуащІэр яублэ. Зауэм и мафІэ лІыгъэм щІылъэр елыпщІ, Іугъуэмрэ сабэмрэ нэр ягъаплъэркъым. Бий хьэщхьэрыІуэм лъагапІэр тІысыпІэ ищІащ. Ди дзэм кьахуэр, хэщІыныгъэ кьарет. АрщхьэкІэ зи щхьэхуитныныгъэр псэеблэжу зыхъуэмэж ди сэлэтхэри бийм пикІуэтыркъым. Ахэр тогузэвыхь нып плъыжь зэрамыІэм: «Дэ нып диІатэм, ди кьарур Нэхъыбэ хьунти, дытекІуэнт», - жеІэ зауэлІ гумызагъэ гуэрым. Ар зэхэхьэса адрей зауэлІ уІэгъэм лъы зыщІэщІ и джанэ щІагъэщІэныкъым зыщехри: «Лъы защІэщ джанэр - хьунщ бэракъ. А си лъыр мафІэу ирелыд, Бийр лъэщми, фыкІуэ, фыхуэсакъ, Ари гъусэу фхэтым сэ сефлыт», - жеІэри и джанэр атакэ кІуэну зауэлІхэм нып папщІэу къахуеІуий. Абы тригъэгушхуэу лъагапІэр зыщІэщІэ зауэлІхэм «ныпыр» Іэащхьэ щыгъм щыхатІэ.

Мы усэм и закъуэкъым КІыщокъуэм символикэ усэ гъэпсыкІэр къыщигъэсэбэпар, ар абы и тхыгъэхэм кУэдрэ дызэщихьэлІэ Іуэхугъуэщ, и усэ зыбжанэм я нэщэнэщ. Апхуэдэхэщ «Бгы напкІым тет жыгей», «Борэнэр бгыщхьэм щыеташ», «Сэлэт шырыкъу», «Сэлэт сэлам», «ЩІым и макъ», «Шыхулъагъуэ», «Зэкъуэшит!», «Усэ кьаркІэ бийр бгъэсу», «А пщыхьэщхьэм бжьыхьэ пшагъуэу» усэхэр, нэгъуэщІхэри. Символикэ усэ гупсыкІэр апхуэдэу ІэкІуэлъакІуэу бгъэІурыщІэн папщІэ, КІыщокъуэ Алиму ущытын хуэйщ.

Егъэлея хьуну кьзисфІэщІыркъым, КІыщокъуэ Алим Хэку зауэшхуэм теухуа и усэ нэхъыфІхэр урыс тхакІуэ пажэхэм икІи цІэрыІуэхэм я апхуэдэ тхыгъэхэм ябгъурыбгъэувэ хьунущ жьІсІэмэ. Мы псалъэхэм фэрыщІагъ лъэпкъ яхэлъкъым.

ЕРЖЫБ Аслъэн,
педагогикэ щІэныгъэхэм я кандидат, Дагъыстэн Республикэм щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ.

Алим КЕШОКОВ

Всадник

Старик, бородач рыжекудрый,
Выводит табун дотемна.
И нового каждое утро
Седлает себе скакуна.

Любуется он в одиночку
Камнями в их гордой красе,
И дочкой, красавицей дочкой
В селенье любуются все.

К ней свататься ездят джигиты,
Собой хороши и лихи.
Но девушка смотрит сердито -
Не по сердцу ей женихи.

Однажды со всадником юным
В горах повстречался старик.
Откуда, в сиянии лунном,
Тот лесом летит напрямик?

- Куда тебя прыть молодая
Несет под полночной луной?..
Смеется джигит: - Никогда я
Не езжу дорогой дневной!

- Безумец, коль веришь в удачу,
Посватай-ка дочку мою!
Добьешься согласья - в придачу
Любого коня отдаю!

- Чужих скакунов не седлали,
Дареных не держим коней.
А дочка твоя... - не она ли
Под черною буркой моей!

● Из записной книжки

Поэт умеет прощать

Однажды Нафи Джусойты рассказывал мне:
- Кайсын сокрушался - какой же это поэт, если не умеет прощать обиды!
Мне эта фраза показалась не в меру красивой, но запомнилась, и однажды в другой довольно широкой компании я ее вспомнил. На это Магомет Мокаев спросил меня, знаю ли я, откуда пошла эта фраза - поэт должен уметь прощать. Я не знал. Тогда-то и рассказал мне он эту историю.

В ДАВНИЕ «застойные» времена по какому-то случаю шло большое писательское застолье. Присутствовали чуть ли не все знаменитости отечественной литературы. Обычно в подобных случаях бессменным тамадой был Алим Кешоков - человек, сочетавший кавказское красноречие со строгой самодисциплиной. Но неслучайно в стихотворении Расула Гамзатова есть такие слова: «И тамада лишает вас свободы порядку поступить наперекор». Поэт не может подчиняться общему порядку, ибо у него свой собственный ранжир. Вернее, как и должно быть, поэт - противник всякого стандарта, без чего не может быть порядка за пиршественным столом. Надо себе представить, сколько умения и терпения требуется от тамады, чтобы управлять застолем, где благоденствуют большие поэты, каждый из которых знает себе цену. Да еще так управлять, чтобы все оставались довольными. Алиму это удавалось, как никому другому. Но на сей раз возмутителем спокойствия стал его лучший друг Кайсын. Алим сначала строго посмотрел. На следующий раз - мягко поправил. Но когда он был вынужден сделать строгое внушение, подвыпивший Кайсын вдруг взбунтовался и принародно надерзил тамаде. Алим, старший по возрасту и ответственный за ведение стола, даже оторопел от неожиданности. Как говорится в таких случаях, в воздухе запахло грозой. Ситуацию неожиданно разрядил один из участников застолья, который очень кстати сказал Алиму: «Дорогой тамада, народ просит устроить антракт!» Тут же люди стали шумно вставать из-за стола.

Во время этого искусственно устроенного перерыва мудрый Семен Липкин схватил Кулиева за пуговицу, отвел в сторону.

- Слушай, Кайсын, ты, как мальчишка, нарушил кавказский этикет. Он же старше тебя, и если Алим всерьез рассердится, все застолье будет испорчено, а виноват в том будешь ты. Наберись мужества, подойди к нему и извинись, а не то расстроишь всю компанию.

И вот вмиг протрезвевший Кайсын на виду у всей компании подходит к Алиму.

- Дорогой Алим, я, как юнец, не сдержался, забудь мои обидные слова.

Кешоков, будто ожидал этого, он широко улыбнулся, обнял своего старого друга и сказал:

- Да что ты, Кайсын, на то мы и поэты, чтобы не помнить обиды и не держать зла.

Неосознанно, по широте своей натуры, Кайсын и сам всегда придерживался этого неписаного правила. Но, услышанное из уст товарища, оно крепко запало ему в память и стало активным жизненным принципом.

Сам Кешоков был в числе тех, кто исповедовал это всю жизнь, и одно из свидетельств тому следующее. Людям старшего поколения памятно, с какого выступления был дан старт памятным гонениям на Алима Кешокова за роман «Сломанная подкова». Формально это - статья Аскерби Шортанова в «Кабардино-Балкарской правде». За исключением нескольких пассажей, не очень свойственных А. Шортанову как писателю, статья была сугубо литературно-критическая, то есть не имеющая прямого отношения к политике. И, конечно же, знай автор наперед, чем это потом обернется, вряд ли он опубликовал бы ее. Человек явно творческого склада, Аскерби Тахирович не стеснялся высказываться резко о многих личностях, в том числе не только о своих коллегах, но и власть предержащих. Поэтому он никогда не был удобным для партийного начальства. Тем не менее, его статья стала отправной точкой для антикешоковской кампании, развернутой в республике по отмашке из высокого партийного кабинета. После этого должен ли был сам Алим питать теплые чувства к Шортанову или к стоящим с ним рядом Хачиму Теунову и Адаму Шогенцукову? Вроде бы нет. Но ни одного свидетельства я не знаю о том, чтобы их личные отношения испортились. Кешоков, известный своим крутым нравом, здесь не стал на враждовать, ни спорить. Он хорошо знал, чьих рук это дело. Поэтому, как истинный поэт, Алим не держал зла на своих коллег, не стал портить с ними отношения, и отнюдь не потому что боялся, а потому что знал истину.

Позднее, будучи председателем комиссии Союза писателей по литературному наследию А. Т. Шортанова, я в бумагах покойного наткнулся на следующий документ, адресованный вдове писателя (приводжу с сохранением особенностей телеграфного стиля): *Дорогая Майя, только что узнал постигшем вас горе смерти вашего супруга, заботливого отца семьи, писателя ученого заложившего основы нашего театрального искусства, именем которого связан каждый этап возникновения и развития литературы. Вся жизнь Аскерби Шортанова посвящена служению народу, которому теперь принадлежит его многоплановое творческое наследие. Желаю вам и вашим детям силы духа в этот скорбный день. Алим Кешоков.*

Телеграмма пришла в день похорон писателя, и уже одно это свидетельствует об искренности ее автора. А еще по ее содержанию очевидно, что Кешоков хорошо знал семью Шортанова: настоящее имя жены писателя было Данитка, а Майей ее называли только близкие люди, к числу которых, как явствует из текста, относился и Алим Кешоков. Он, конечно, хорошо знал о том, какую роль сыграла статья Шортанова во всей сваре против него. Но знал он также и то, что его коллегу и друга просто использовали, а поэтому не держал на него зла ни при жизни, ни тем более, после его кончины.

В то время Алим оставался для руководителей республики персоной нон грата, и он соблюдал строгую дистанцию относительно всех, кто поистине был причастен к его травле. Это никак не относилось ни к Аскерби Шортанову, ни к Адаму Шогенцукову. На то он и был поэт, что умел «стирать случайные черты», забывать мелкие обиды и помнить добро, умел одним духом своим отличать друзей от злопыхателей. Настоящих недоброжелателей он четко выделял из массы и, как положено настоящему кавказцу, не забывал, кто они такие есть. Им он и не подумал бы прощать, но в то же время не позволил бы себе сделать что-либо недостойное себя. Одно из свидетельств тому – последний роман «Корни», в котором выведены очень узнаваемые фигуры, прототипы которых заслужили быть запечатленными именно так, как они выведены в романе. Поэт - это прежде всего гуманист, и людей оступившихся, но, не причастных к злу, он умел понимать и относиться к ним ровно, независимо от расхождений во вкусах. Сложно следовать этой заповеди: поэт не должен помнить обиды. Но великие поэты во все века ее соблюдали в полной мере, и это было не формой, а содержанием.

Адам ГУТОВ,
доктор филологических наук, профессор КБГУ.

Темыркъан Юрэ КІыщокъуэ Алимрэ абы и шыпхъухэмрэ я хьэщІэщ.
Щхьэлыкъуэ къуажэ, 1979 гъэ

Щlалэгъуалэм, жылагъуэ Іуэхухэм жыджэру хэтынымкlэ, гъащlэм и хьазмэрэ зэманым декlунымкlэ щапхъэ къыщагъуэт 1939 гъэм къыдэкlын щlэзыщэ «Советская молодежь» газетым. Ар ящыщщ гъащlэм сыт и лъэныкъуэкIи декlу газет щlэщыгъуэхэм. Журналистхэм кьызэрыхагъэщщи, «Молодежка»-р сыт щыгъуи цlыху цlэрыцуэхэм я кlыщу щытащ - «Адыгэ псалъэ» газетыр мы зэманым къыдэзыгъэкI ХьэфIыцIэ Мухьэмэди абы жэуап зыхь и секретарь лэжьащ. «КБП» газетым и редактор нэхъыщхьэ Болэт Арсени «СМ»-м и корреспонденту щытащ. Куэдым ягу къагъэкIыж литературэм и классик хьуа ди тхакIуэ, усакIуэ куэдым я япэ тхыгъэхэр «Советская молодежь» газетым къытрадзэу зэрыщытари...

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Сурэтхэр псалъэ хуэныкъуэкъым

ГАЗЕТЫМ (ар къызэрыунэху лъандэрэ) сурэттех хъарзынэхэр зэпымыуэ къыдэгъуэгурыкIуэ. Абыхэм зэман зэмылIужьыгъуэхэм траха я лэжьыгъэхэрщ бадзэуэгъуэм и 3-м Сурэтыщ гъуазджэмкIэ музейм щытлъэгъуар. «Три четверти века в черно-белом и в цвете» фIащауэ къызэIуаха гъэлъэгъуэныгъэм щызэхуэхьэсащ Шпанагель Эткар, Уэлджыр Артур, Каюдин Евгений, Свириденкэ Татьянэ, Къарей Элинэ, Урыс Гюльнарэ сымэ я сурэтхэр. Къыхэгъэщыпхэщ, музейм и блынхэм фIадза лэжьыгъи 150-м нэблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэр (1960 гъэхэм къыщыщIэдзауэ) зэрагъэлъагъуэр. Шпанагель Эткар хужь-фIыцIафэу триха и сурэтхэмкIэ къиуэтэфащ колхозхэмрэ совхозхэмрэ щыщыIа лъэхъэнэм лэжьакIуэбэм я псэукIэу щытар. «ДаIуоцIэ» Прохладнэ районым Петровэ я цIэр зэрихьэу щызэхэта колхозым и лэжьакIуэ пашэхэм, Аруан куейм Лениным и цIэр зезыха и колхозым и лэжьакIуэхэм, нартыхугъэкIхэм, жэмышхэм. Уасэ иIэкъым Эткар триха нэгъуэщI и зы сурэтми - ТIыхъужь Алийрэ ДыщэкI КIунэрэ къызэрыщым.

Каюдин Евгений и планэпэм щымыIалъагър укIуэдыж - удз цIыкIу хагъэтIысхьагъащIэм деж къыщыщIэдзауэ кIыщ кIуэщым щекIуэкI лэжьыгъэ гъащIэм деж щыщIэкIыжу... Сыт хуэдэ Іуэхугъуэми езым и еплъыкIэщIэ хузиIэж сурэттехущ «Советская молодежь» газетым дэлажьэ Къарей Элинэ. Лъэпкъ щэнхабзэм дихьэх хьыджэбзым мы махуэхэм музейм щигъэлъагъуэ и лэжьыгъэхэм щыплъагъунущ «Арджэныр», «Шэрджэс щlалэр», «ЩIэблэхэр», адыгэ Іэпщlэлъапщlэхэр, актерхэр, щlалэгъуалэр...

Гъэлъэгъуэныгъэм кьрихьэлIаэхэр щыгугъыкIащ Уэлджыр Артур и лэжьыгъэхэмэ. Спорт Іуэхум зэрыпэгъунэгъум гу лъыуагъатэрт абы утыкум кьрихьа и сурэтхэм. Ди спортсмен цlэрыIуэхэу Хьущт Аслъэнбэч, Кьардэн Мурат, Махуэ Билал, Чихрадзе Александр, Кучинэ Марие сымэ я сурэтхэм къадэкIуэу, Уэлджырым къехъулIаэхэм ящыщт Шараповэ Марие, Сафин Марат, Кабаевэ Алинэ, Исинбаевэ Еленэ сымэ ятрихаехэри.

«Лестница в небо» фIищауэ Свириденкэ Татьянэ игъэлъагъуэ сурэтым и закъуэ фIэкI гъэлъэгъуэныгъэм химыгъэхьами (си еплъыкIэ къудейщ). къыбгурымыIуэнкIэ Іэмал иIэтэкъым а цIыхубзыр щыгъэпсым, дунейм кьыззэрымыкIуэу зэрыдихьэхым. Абы хуэдэу кьалэхэр, кьуршхэр, уафэр фIыуэ зыльагъу сурэттехыу гу лъыттащ Урыс Гюльнари. Дунейм и кьарур, зэманым и псынщIагъыр, уеблэмэ жьыджэрагъ гуэр яхэлъщ абы и лэжьыгъэхэм. Зи цIэ кьитIуа сурэтехэхми «Советская молодежь» газетым адрей и лэжьакIуэхэми кьехъуэхуну гупышхуэ зэхуэсат.

- «Советская молодежь» газетым къикIуа илъэс 75 гъэсыгуанэмкIэ сохъуэхъу абы и лэжьакIуэ гупым. Пэжу жысIэнщи, дэ а газетым дыкъыдэхъуащ икIи абы пэгъунэгъуу щыта дэтхэнэри лъагъуэ дахэ дытриШащ, - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Кьумахуэ Мухьэдин. Сыт хуэдэ Іэхъуакlи еплъыкIэ жаи иIэу къэгъуэгурыкIуэ газетщ ар. Мы зэманым абы и редактор нэхъыщхьэу лажьэ Кьардэн Мухьэмэди а Іэнатlэм зэрыпэрыувэрэ мы гъэм илъэс 30 ирокъу. Мы гъэлъэгъуэныгъэмкIэ сурэттехxэм ди нэгу кьыщlагъэувар езы газетым и тхыдэрщ. Сурэтхэр псалъэ хуэныкъуэкъым, арыншами псори зэхэщlыкIыгъуэщ, блэкIар кьыбоджэныкIыжыф. Сохъуэхъу «Советская молодежь»-м и лэжьакIуэхэм ехъулIаныгъэ иIэну, лъагапIэщlэхэр кьагъэIурыщlэну.

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и фондым и унафэщI Вэрокъуэ Владимир кьыщыпсалъэм игу кьигъэкIыжащ школым щыщlэсми студент гъащlэм щыхьихьами жыджэру «Советская молодежь» газетым хуэтхэу зэрыщытар, и япэ усэр абы кьызэрытридзэгъар. «Музейм фIэлъ сурэтхэм тIэу-щэ кьытезъэззжурэ сеплъащ. Илъэс купщlафIэ куэд кьыхэслъагъуэкIащ лэжьыгъэхэм. ФехъулIэну, нэхъри зывужьныI», - захуигъэзащ Вэрокъуэм кьызэхуэсахэм.

«Советская молодежь» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Кьардэн Маринэ жиIащ: «Мы гъэлъэгъуэныгъэмрэ абы и пэкIэ кьызэдгъэпэщащ зэхьихьэрэ гъэхьезыра махуэхэм си нэгу щlэкIащ «Советская молодежь» газетым и нобэрей лэжьакIуэхэм я нэхэр лыду газетым и махуэшхуэр нэхьыфIу зэфIэха зэрыхьунум зэрегугъуар. Абы щхьэкIэ фIыщlэ хузощI дэтхэнэми. Зэрытlущlэщи, сурэттехми и Іэдакъэщlэкlыр гъуазджэщ, дахагъэщ, гур хэзыгъэхъуэщ. Выставкэр зэхуэтщlыжжа, лэжьыгъэхэм ди редакцIэр ягъэдэхэнущ, ар псоми ди дежкIэ пщlэшхуэщ».

Газетым и лэжьакIуэхэм екъуэхъуащ КъБР-м Печатным хьыбаргъащlэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщlым и къуэдзэ Быллыев Ахъмэт, КъБР-м и Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Темыркъан Геннадий сымэ. «Советская молодежь»-м хъуэхъуу хужаIар кьехъулIэну дэрэ ди гуапэщ, Аныхьыщхуэр фIыгъуэу щыIэмкIэ кьыпхуэзупсэ!

Уи Іыхьлыхэрэ благъэхэмрэ.

● Зэхьэзэхуэ

Унагъуэ узыншэ, жыджэр

Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыныгъэм я урысейпсо махуэр Къэбэрдей-Балъкъэрми щагъэлъапIэ. Абы и щIыхь-кIэ къызэрагъэпэщащ Іуэху дахэт налшык-дэсхэми ди хьэщIэхэми зыщагъэпсэхуну яфIэфI Налшык и ХьэтIохъущыкъуей жыг хадэм бадзэуэгъуэм и 8-м щекIуэкIар.

ЗИ УЗЫНШАГЪЭМ кIэлъыплъыжу гу зылъыптэ, спортыр фIыуэ зылъагъу унагъуэщIэ зыбжанэ кърихьэлIат («Мамэ, папэ, сэ - дыспорт унагъуэщ» зэхьэзэхуэм я зэфIэкI щеплъыжыну. Ержыбхэ, Гъуэплъащlэхэ, Пекъуэхэ, Сурженкэхэ, Шыбзыхьуэхэ, Бичеловэ, Дэхьуэхэ я унагъуэхэм щхьэж и гупым цIэ екIурэ («Ныбжьэгъу пэжхэр», «Олимпийцхэр», «Комета», «Фортуна», н.) девиз хьэлэмэтхэмрэ яIэжт, уеблэмэ зэрызахуэпамкIи гу лъыптэрт ахэр Іуэхум егугъуу зэрызыхуагъэзэжырам. Зэхьихьэр щIэщыгъуэ ящIырт сабийхэр зыгъэджэгу ажэгъафэхэмэ.

Зэпеуэр джэгукIэ къудей мыхъуу, екIуу гъэхьэзырат. Къэпщытакlуэ гупым хэтащ Налшык и спорт школ №1-м и унафэщlым и къуэдзэ Багъэтыр Тимур, Налшык щlыпIэ администрацэм физическэ культурэмкIэ, спортымкIэ, щlалэгъуалэм я Іуэхухэмкlэ и управленэм и ІэщlагъэлIхэу Іэпщlэ Вадимрэ ПащIэ Алимрэ. Ахэр кIэлъплъащ зэщхьэгъусэхэмрэ я бынхэмрэ я псынщIагъ-жьыдарэгъым, ІэкlуэлъаникIуатэм. Топ дэн, къэжьыхьин, кIапсэм ирикIуэн - куэд я къалэнт абыхэм

ТекIуэныгъэр зыIэригъэхьащ Налшык и спорт школ №4-м и унафэщI Сурженкэ Руслан и унагъуэм. Абы саугъэт нэхъыщхьэр ираташ, адрейхэри гулъытэнщэу къагъэнакъым. Зэпеуэм хэта унагъуэхэм ехъуэхъуащ Налшык щIыпIэ администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим.

Къызэхуэсахэм жаIащ щlэщыгъуэу, абы щыгъуэми сэбэпу зэхьэзэхуэр къызэрызэрагъэпэщам зэрыщыгуфIыкIар.

КЪАНЩЦАУЭ Мэлычыпхъу.

● Хъуэхъу

Арщыдан къуажэм щыпсэу Къатинэ Алексей Заур и къуэр къыщалъхуа махуэщ, илъэс 40 ирокъури, дохъуэхъу

Уи узыншагъэр быдэу, уи жьэгур уардэ унэу, хьэщIэ етIысэхыпIэрэ унапIэ махуэу, гъащIэм гу щыпхуэярэ абы и Іэфlыгъэ псори зыхэпщIэу, уи нэхъыжьхэр къыпщхьэщыту, уи щхьэгъусэр къыпкъуэту уигур зыдыхэхъуэ, дэрэжэгъуэ къозыт уи бынхэм уаэзрыхуэхъуапсэ псори ядэплъагъуну, я ехъулIэныгъэхэм, я насыпым уригушхуэу гъащIэ кIыхь къэбгъэпIэну ди гуапэщи, Аныхьыщхуэр фIыгъуэу щыIэмкIэ къыпхуэзупсэ!

Уи Іыхьлыхэрэ благъэхэмрэ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

ХэщIапIэр яубзыху

КъБР-м и полицейхэм Ростов областым щыщ я лэжьагъуэхэр я щlэгъэкъуэну цIыхум лей екынымкIэ щlэпхъаджагъэхэр зэрилэжьам къыхэкIыу къалъыхъуэ илъэс 36-рэ зи ныбжь Прохладнэ къалэдэсым и хэщIапIэр яубзыхащ.

ЦIыхухъур яубыдри, Къэбэрдей-Балъкъэрым къашэжащ.

Наркотик грамм 200

Урысей МВД-м и Шэджэм районымкIэ и къудамэм и лэжьакIуэхэм зэрыдыгъуам къыхэкIыу нэхъапэм суд зытращIыхьауэ щыта Шэджэм ЕтIуанэ кьуажэм щыщ илъэс 35-рэ зи ныбжь цIыхухъум и лъапсэр къащащ. Полицейхэм абы къыкъуахащ гъущIым къыхэщIыкIа фIыщIафэ хьэкъущкъу, пластмасс птулькIэрэ гъущI Іэпхъуалъэ фIыщIафэ зи кIуэщIым илъ птулькIащхьэрэ, къэкIыгъэмэ къызыхих вещество.

Экспертизэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, вещестер грамми 118,5-рэ зи хьэлъагъ «марихуанэ» наркотикщ, грамми 122,6-р наркотик зыхэлъ щlэп къэкIыгъэщ.

Уголовнэ Іэхъу кьалэтащ. ЦIыхухъур яубыдащ.

* * *

А махуэ дыдэм республикэм и щыхьэрым Налшык кьалэмкIэ УМВД-м и плицейхэм илъэс 67-рэ зи ныбжь цIыхухъум и псэупIэр кьыщащым къыкъуахэщ литр 1,5-рэ зэрыхуэ кхъуэщIыныфэ-фIыщIафэ лъэужьхэр къызытещ полимер птулькIэ. Унэм щlэст наркотикхэр зэрихьымэм къыхэкIыу мызэ-мытIэу нэхъапэм суд зытращIыхьа илъэс 34-рэ зи ныбжь налшыкдэсыр. Бысымым абы пэшыр хуит хуищIат наркотикхэкI щызрихьлIэну.

Къытрахахэр экспертизэм ягъэхащ. Уголовнэ Іэхъу кьэIэтыным хоплъэ.

Ныбжьыщlэр къагъэтыж

Полицейхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщагъэтыжащ хъыбарыншэу кIуэда ныбжьыщlэр.

Бадзэуэгъуэм и 7-м Нартан щыщ цIыхубзым балигъ мыхъуа и кьуэр зэрыкIуэдам къыхэкIыу полицэм захуигъэзащ. Абы зэрыжиIамкIэ, 1999 гъэм кьалъхуа и сабийр и узыншагъэр щригъэфакIуэ Налшык кьалэ и курорт щlыпIэм хиубыдэ санаторэхэм ящыщ зым бадзэуэгъуэм и 6-м кьыдэкIащ икIи здэщыщэр ящlэртэгъкъым.

Къэлъыхъуэныгъэ Іуэхугъуэхэр щрагъэкIуэкIым Налшык кьалэм щыIэ УМВД-м и лэжьакIуэхэм ныбжьыщlэр кьагъэутыжащ. Абы психологхэр долажь. Полицейхэм зэхагъэкI балигъ мыхъуа сабийр санаторэм кьыдэкIын хуей щlэхъуа щхьэусыгъуэр.

Нэгъуэщlым и цIэкIэ

Полицейхэм яубыдащ нэгъуэщlым и цIэкIэ кредит къеIызыха налшыкдэс цIыхубзыр.

Полицэм и кьалэ Іуэхущlэм зыхуигъэзащ Налшык щыпсэу цIыхубзым. Гъэпцlагъэкlэ и паспортым и копиер имыщIыкIыу цIыхубзым зыIэригъэхьэри, абы и цIэкIэ республикэм и банкхэм ящыщ зым кредиту сом мин 80 къыщIихат.

Къэлъыхъуэныгъэхэр щрагъэкIуэкIым а щlэпхъаджагъэр илэжьауэ зыхуагъэфащэр яубыдащ. Ар республикэм и щхьэхэрым щыпсэу 1979 гъэм кьалъхуа цIыхубзырщ. Абы зиумысижащ.

Уголовнэ Іуэху къызэралъытыным яужь итщ.

Къэрал кIуэцI Іуэхухэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Іуэхущlапlэ.

● Гъуазджэ

Дахагъэм и теплъэ

Иджырей гъащlэмрэ сурэт техынымрэ зэгуэхыпIэ зэримыIэр иджыри зэ нэрылъагъу пщещI «Арт-фото» студием и къызэгъэпэщакIуэ Чэрты Амир и дерсхэм ущедаIуэкlэ.

КУЭД зэрыщыгъуазэщи, гъуазджэм и зы къудамэу кьалъытэ мы Іуэхум, щэху Іэджэ хэлъщ: нэхумрэ жьауэмрэ я зэхуэщытыкIэр зэхэщlыкIрэ гурыгъуакlэ къыубыдыныр, теплъэгъуэхэм я купщlэр зэ еплъыгъуэкlэ къыхэхутыкIыныр, сурэттех аппаратыр, щытыкlэ щхьэхуэхэм елъытауэ, тэрэзу зэрызебгъэкIуэнур, нэгъуэщlхэри.

- Сосурэттехэщlагъэфэсты пщэрылъэшыщlыр-къым, сыту жыIпIэмэ, сурэт щыныIм, усэ тхыным хуэдэ кьабзэу, абыкlэ цIыхум зэфIэкI бгъэдэлъын хуейщ. Си кьалэныр ноба зекIуэ сурэт техыкlэ Іэмалхэм фыхэзгъэгугъэзэныращи, си дерсхэр щlэщыгъуэ зэрыфщыхъуным сыхэтынущ, - араща Амир и деж къекIуалIэхэм япэу яжриIэр. Ар икIи гурыIуэгъуэщ. Дерсхэм псоми уащlэдэIуа нэужьщ, гукъыдэж зыхуэпщIа а Іуэхум удихьэныуми уи псэкупсэ зэфIэкIхэм лъэмыIэсыххэу ар къэувыIэжыными зэлъытар.

Лекцэхэм кьадэкIуэу, Чэртым практикэ лэжьыгъэшхуи и гъэсэнкIэ ядрегъэкIуэкI. Псом хуэмдэу студием къекIуалIэхэм ягу ирихьащ ХьэтIохъущыкъуей жыг хадэм щагъэззэщlа лэжьыгъэхэр. Трах сурэтхэр махуэкIэ, пшапэ зэхэуэгъуэкIэ гуэшауэ зэтраублэ икIи абыхэм я дэтхэнэми езым и дахагъ бгъэдэлъыжщ. Аращ мы студием къекIуалIэхэм Іэщlагъэлl нэсым и ущиехэр гунэс ящlыщlыхьур.

Иджыблагъэ «Арт-фото» студиер къэзыухэм дэфтэрхэр иратыжащ Іэфыкlэ Іэни къыхуащтащ. Еджэныгъэр къызэхъулIахэм зы цIыхуи кьахэкIакъым, дахагъэр я гуаззу сурэт техным хуезыгъэса Чэртым хуэмыдрэзыуэ. Псом ящлъэраци, иджыри зы ныбжьыщlэ гуп сурэттех гъуазджэм, зы лъэбакъуэкlэ нэхъ мыхъуми, хьыхащ.

ДУДЕЙ Заремэ.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2014 - 2015 гъэхэм щекIуэкIыну зэхьэзэхуэм щыщIидзэнур аргуэру ягъэIэпхъуащ. Иджы, зэрыхуагъэфащэмкIэ, ар къыщыхъуащ бадзэуэгъуэм и кIэух - щыщхьэIум и пэщIэдзэ лъэхъэнэращ.

● Футбол

«Спартак-Налшык» - «Ангушт» зэIущIэр йокIуэкI.

ЩIэдзэгъуэр ягъэIэпхъуэ

«ИПЩЭ» гупым зэхьэзэхуэм щыщIидзэнур кIыхьлIыхь щlэхъуам и щхьэусыгъуэщ «Спартак-Налшыкым» и уэхым ягу ятэ дивизионым иджыблагъэ къыхэкIыжа Волгоград и «Ротор»-м Профессионал Футбол Лигэм (ПФЛ) иригъэкIуэкI зэпеуэхэм хэтын папщIэ лицензэ зэригъэпэщыныр гугъусыгъу зэрыхъуамрэ Къырымым щыщ командхэр зэхэгъэхьэну зэрыхэтамрэ. Волгограддэсхэм я Іуэхур икIэм-икIэжым тэмэму зэфIэкIащ, арщхьэкIэ Украинэм идкьыри къэс щыджэгуаХэр Урысейм кьешлэлIэныр дзыхьщIыгъуэдэкIи, зэкIэ тегушхуащхэм. Дунеймрэ Европэмрэ я футбол къулыкъу нэхъыщхьэхэу ФИФАмрэ УЕФА-мрэ а Іуэхугъуэр зэкIэ кьыхуагъэдэхакъым икIи кьемыдаIуэмэ, ди къэралым тезыр инхэр кьытралъхьэнкIэ хъунущ. Апхуэдэу щlат пэтми, Бразилием щекIуэкIа дунеийсо чемпионатыр иухмэ, иджыри зэ лъэIукIэ абыхэм зыхуагъэзэну я мурадащи, кьэжраIэнум поплъэ.

ЕтIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым иджыпстукIэ командэ 19 хэтщ. Ахэр зэрызэдэжьугунум и календарым и проект зыбжанэ зэхалъхьащ. КьызытеувыIэнур зэкIэ ямыщIэу аращ.

Абы щыгъуэми командхэм зэхьэзэхуэм зыхуагъэхьэзыр. Къапщтэмэ, «Спартак-Налшыкым» хьэрхуэрэгъу кьыхуэхъунухэм ящыщ Нээрэн и «Ангушт»-м щэбэт кIуам зэныбжьэгъугъэ зэIущIэ драгъэкIуэкIащ. Ди щIалэхэм ар хьарзынэу кьыщIадзащ икIи ебгъуанэ дакъикъэм Бажэ Амир бжыгъэр кьызэIуихащ.

Псынщlэ дыдэу екъуалIэныгъэ зэралIам налшыкдэсхэр игъэбэлэрыгъащ икIи джэгум и япэ Іыхьэм и кIэухымрэ етIуанэм и пэщIэдзэмрэ топитI кьыдрагъэгъэкIыжри, зэIущIэр 1:2-я ирагъэхьэхуащ. Ар «Спартак-Налшыкым» щыджэгухэмрэ абыхэм я гъэсакIуэхэмрэ дерс кьызыхахьипхъэу зэрыщытыр нэрылъагъущ. Налшыкдэсхэм яхэту а махуэм джэгупIэ гугъуэм кьыхащ Щоджанэр (Хьаниий, 35), Гузь, Науменкэ, Васильевыр (Беппаевыр, 87), КIыщыр (Абазэр, 46), Кьуэн З. (Ахриевыр, 46), ДыщэкIыр (Балэр, 46), Гъурфыр (Алчагировыр, 66), Бажэр, Гугуевыр.

Урысей Федерацэм и кубокыр къэхьныныкIэ 2014 - 2015 гъэхэм екIуэкIыну зэхьэзэхуэм ди командэм бадзэуэгъуэм и 29-м щIидзэнущ. Финалым и 1/128-нэ Іыхьэм ипкъ иткIэ, а махуэм, «Спартак-Налшыкым» Нэзрэн и «Ангушт»-р кьригъэблагъэнущ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Жьэкlэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Нэщlэныджэ Замирэ, Хьэжькъарэ Алик, ЩlхьащlэмыщI Иэз.**

Езыгъэтхаэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэм я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащlэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозреватели хэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущlапlэхэм ядолжэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщlэхэмкlэ, спортымрэ письмохэмкlэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 47-32-15; зэдэзекIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущlапlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщlэта Іуэхутыгъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцIэмрэ я Іуэху еплъыкIэр зэтеуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатным и хутныныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Іуэхущlапlэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къьашокъуэ Эдэль, редактору Жыласэ Заурбэч, корректорхэу Афэ Тамарэ** *(2, 4-нэ),* **ПхытIыкI Аэмэт** *(1, 3-нэ). Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящlащ* **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номеры «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.002 ●Заказ №1400